

Vianna Stecher

Maison Henri Deschamps

Réseau Télé-Enseignement (RETEL)

PREZANTASYON NAN:
SENPOZYÒM MIT-AYITI



Defi a:

Edikasyon nan peyi d Ayiti ap fè fas ak anpil pwoblèm jounen jodi a, tankou :

- twòp elèv nan klas yo ;
- anpil nan elèv yo pa aktif nan aprantisaj yo, yo swiv san konprann ;
- anpil pwofesè pa kalifye ;
- enfrastrikti imobilye ak elektrisite pa reponn a bezwen yon lekòl ;
- elèv yo limite a reyalyte anviwonman yo ;
- aksè entènèt twò chè nan peyi a, elatriye.

Les Entreprises Deschamps-Frisch S.A. (EDFSA) nan pouwit inovasyon l ak kontribisyon l nan modènizasyon edikasyon nan peyi d Ayiti mete sou pye *RETEL (Réseau de Télé-enseignement)*.



MIT
HAITI



Solisyon an:

RETEL devlope kontni nimerik entèaktif ki baze sou pwogram MENFP ak liv *Éditons Henri Deschamps* yo.

Platfòm *RETEL* la :

- pèmèt tout lekòl ak patikilye rive jwenn kontni nimerik entèaktif ki djanm, ki a bon mache, e ki devlope nan kontèks ayisyen ;
- inovè metòd aprantisaj yo, fè yo vin plis pwoaktif ak entèaktif ;
- fè fòmasyon pou pwofesè yo, k ap pèmèt yo ogmante kapasite yo ;
- amelyore kalite kou k ap dispansè nan klas yo ;
- elimine baryè nan zafè edikasyon avèk itilizasyon TIC nan klas yo.



MIT
HAITI



Rezilta yo:

Pwojè *RETEL* la vize tout lekòl piblik ak prive nan peyi a. Li vize tout pwofesè ak elèv nan pòtoprens tankou nan pwovens soti nan premye pou rive nan nevyèm ane fondamantal.

Lekòl ki sèvi ak platfòm *RETEL* la rive :

- ogmante patisipasyon elèv yo nan klas yo ;
- devlope otonomi ak motrisite timoun yo ;
- ogmante motivasyon pwofesè ak elèv yo, pou sèvi ak TIC nan klas yo ;
- fè elèv yo kontribye nan aprantisaj yo tout bon vre.



MIT
HAITI



